Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 3 апрель Рузман № 13 (7944) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ВатІан цІунулезул кьерда

## Гьаялъе ритІухъав

Дагьал гьечІо нилъер гІолохъаби цогидазе мисалияб куцалда СВОялда рагъулел ругел кьварарал умумузул ирсилал жал рукІинги бихьизабун, гьездаса мисал босун. Нилъее гьел руго ракьцоялбахІарзал, бигьаяб гуреб къисматалъул бахІарго хъахІлъарал гІолохъаби, рагъулал гьалмагъ-



забазейин абуни, гьел руго «Аварал», «МагІарулал», «ЦІумал», «Цидукал», «Кавказалъулал», «ЦІумадисел» ва аза-азар цогидаги тІокІцІаразда гъоркь тушманасда данде рагъулел «пишацоял», хІинкъи цІикІкІаралъуб хвалил гуллие жидерго керенги лъун, цадахъ ругел цІунизе цере кІанцІулел вацал-мугъчІвай.

Украиналда уна бугеб рагъулаб хасаб тадбиралъул гІахьалчагІазул хІакъалъулъ гьабулеб иргадулаб бицен жакъа байбихьизе бокьун буго Хасавюрт районалъул Муцалаул росулъ гьавурав-гІурав нилъер ракьцояв, Гъоркьхъварщини росулъа «Багьадурлъиялъе гІоло» медалалъул, Александр Суворовасул ва «БахІарчилъиялъе гІоло» орденазул кавалер, МухІамад ГІусмановасулгун нужер лъайхъвай гьабиялдаса.

«МагІарулав» абураб тІокІцІаралда гъоркь лъала гьев цадахъ ругезда. 1995 соналъул 24 апрелалда Муцалаул росулъ гьавурав МухІамад чорхол сакъат букІаниги, гьитІинго вукІана гьудул-гьалмагълъи бокьулев, хІажалъи ккарасе хІалае вортулев вас. Росуцояздагун мадугьалзабаздаги гьедин лъалаан гьев: ракІ лъикІав, захІмат хирияв, хІалтІудаса нахъе къан чІоларев ва бахъун ракІги кьезе хІадурав вас хІисабалда. Лъимерлъудасанго инвалид вукІаниги, МухІамадица хІукму гьабула рагъулаб хасаб операциялда ругезда хьолбохъги эхетун, ватІаналъул тІалаб тІубазе ине.

-Дунги, мунги, нилъги гьечІони, щал?!-ян букІана гьесул берзулъ цІалулеб суалги. Пикру гьабуна, гьа гьедана, иш тІубана: 2024 соналъул 3 марталъ рокъоезул тІирунчІеялъухъ балагьичІого, жиндир вацгІалзабиги дора ругинги абун гьес, Грозныялдеги ун, «Ахмат» спецназалда хъулухъ гьабизе къотІи-къай хъвана. КІиго анкь иналде, ай, 16 марталда МухІамад хъулухъ гьабулев вукІана Курскалда ва хадувккун ккана Харьковалъул рахъалда бугеб Волчанск шагьаралде. Вагъана ГІусманов кор боркьараб рагъул цебесеб кьерда. Гьенив рагъулал гьалмагъзаби цІадулъан эркен гьарулаго, гІарададул кесекги щун, лъукъана тІоцебесеб нухалъ. Бихьизабураб бахІарчилъиялъухъгун къохІехьеялъухъ щвана гьесие «Багьадурлъиялъе гІоло» медальги. «БахІарчилъиялъе гІоло» орденалъе МухІамад мустахІикълъана жиндирго гІумруялъе бугеб хІинкъиялъухъ балагьичІого, ункъо къоялъ ракълилал гІадамал жанир ругеб мина ВСУялъулаздаса цІуниялъухъ.

Цогидазе мисалияб куцалъ вагъана МухІамад рагъда. ЗахІматал ругънал щун, къотІи-къай лъугІун хадуб, рокъове тІад вуссана. Сакъатлъиялда бан, жиндирго гІадатияб гІумруялде вуссана. Къаси макьилъги, къад берзукьги-рагъулал гьалмагъзаби ругин вукІуна гьев. Таксистлъун хІалтІулев АхІмадил пикраби рагъул байдабазда рукІуна. Гьал-долин абун гьанабиги ратун, гІодов чІун чІоларо гьев, хинкІ тІалаб гьабизе къватІиве вахъуна ва живго гІадал СВОялъул гІахьалчагІигун, бергьенлъиялда божигун, рагъда ругезе кумек гьабулев, гуманитарияб кумек бакІарулев, битІулев вукІуна.

-Дун дове циндаго ккарав чи гуро вугев. РукІана гьелъие гІиллаби. Гьезул цояб ккола дир вацгІалзаби, дунго гІадинал инвалидал, доб мехалъ рагъда рукІин. Цояв Аллагьасул къадаралде щвана. ГІарцуе гІоло рагъизе унелин абун рогьоцІаралги щолел руго. Медалалъул кІиго рахъ букІунебго гІадин, рагъда ругезул къисматазулги кІиго рахъ букІуна, амма ватІаналде рокьиги, тІаде къо ккедал хІалае тІоцеве вортиги, нилъер халкъалъул бидулъ буго. Гьеб нилъеда жакъа бихьулебги буго. ТІабигІияб балагьалде ккараб нилъер республикаялъул росабазегун шагьаразе кин кумек гьабулеб бугеб нилъер халкъалъ? Гьеб мехалъ бичІчІулеб буго гурищ гІарцулги кумек гьечІеблъи гьадинаб хІалалде ккедал?! Гьебго букІуна рагъдаги. Дораги патриотал руго, жидерго рукъги, хъизанги цІунизе къватІире рахъарал. БитІараб буго. Хъизанги хьихьизе ккола, гІарацги букІине ккола. Ва амма… дидаго гІадин, цогидаздаги квеш букІуна килщалги ритІизарун гІарцуе гІоло рагъулел ругоян абидал. ГІедегІуге гьедин абизе. Гьаялъе ритІухъаллъунги рукІа, бергьенлъи, ин ша Аллагь, нилъехъ букІиналдаги щибго щаклъи ккоге,-ян вуго МухІамад.

Бихьулеб буго, парахат чІезе пикру гьесул гьечІеблъи. МухІамад ГІусманов хІадур вуго рагъухъабазул къваригІел тылалда тІубазе, гуманитарияб кумек бакІарулезул кьерулъ хІалтІизе. МухІамад гІадал, чорхолъ сакъат бугониги, чармил ракІазул васал ругебгІан мехалъ, нилъ божарал руго кинавгІаги тушманасдаса хІинкъи букІинарилан.

### БахІарзазе хвел букІунаро



Бигьаяб иш гуро мех щвелалдего нилъедаса ратІалъаразул хІакъалъулъ хъвазе. Хасго Украиналда уна бугеб рагъда бахІарчиго хваразул. Гьеб буго даимго нилъгун хутІулеб, бихьаразда жиб лъикІ лъалеб ва бичІчІулеб ругъун, рекІел ссуди.

Хушетиса МухІамадхІабиб ГІабдусаламовасул хъизаналъги баччун буго гьеб рухІалил бухІи. Гьев вукІана ракІ лъикІав, лъиего хІалае вахъине хІадурав чи.

Араб соналъ МахІачхъалаялда рагъулаб къотІи-къайги хъван, ккана Бахмуталде. Кулешевка росдада аскІоб букІана гьезул рагъулаб часть. Вагъана бахІарчиго, цадахъ ругезе мисалияб куцалда, вукІана гьезие насихІатчилъун, рагъулаб хІадурлъиялъул «дарсазул» мугІалимлъун. Фронталда ругел захІмалъабазухъ балагьичІого, вукІунаан аваданго, гІолохъабазе ракІ батулеб рагІи абун, махсара-хочІ гьабун.

Иргадулаб нухалъ рагъулаб тІадкъай тІубазе арав МухІамадхІабиб ва гьевгун цадахъ рукІарал часталде тІадруссинчІо. Къуват бащад гьечІеб гуллил цІадукье ккарал гьел бухьеналдаса тІагІана ва араб бакІ лъачІого тІагІаразул сияхІалде ккана. Лъабго моцІидасан рес ккана гьел тІагІараб росу бахъизе ва гьенив, хваразда гьоркьов, ватана МухІамадхІабибги. Гьесул нахъе хутІана лъабго васги кІиго ясги.

ВатІаналъул тІалаб тІубалаго хварал БахІарзазе хвел букІунаро, гьел даим нилъер ракІазулъ руго.

**Хадижат Залимханова**

## Динияб конкурс тІобитІана




25 марталъ Агъвали маданияталъул кІалгІаялда тІобитІана районалъул школлъималазда гьоркьоб «Дир хирияв МухІамад авараг (гІ.с.в.)» абураб къец. Гьелъул гІуцІарухъабазул-районалъул лъайкьеялъул управлениялъул ва мажгитазул имамзабазул аслияб мурад букІана гІун бачІунеб гІелалъе рухІияб тарбия кьей ва исламияб тарих лъай. Гьеб тІобитІана 5-8 ва 9-11 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб. Тадбиралда гІахьаллъараз рицана ва рихьизаруна МухІамад аварагасул (гІ.с.в.) гІумруялъул бицарал асарал, проектал.

ЦІалдохъабаз ракІчІун цІунана жидерго проектал ва рихьизабуна, МухІамад аварагасул (гІ.с.в.) гІумруялъул хІакъалъулъ лъай тІалаб гьабулаго, жидецаго цІалараб гІелму, гьеб лъазе диниял церехъабигун жидер рукІарал дандчІваялгун гара-чІварияял.

Жюриялда гъорлъ рукІана районалъул диниял церехъаби, мажгитазул имамзаби.

Къецалъул ахиралда бергьаразе ва кІиабилел бакІал ккуразе кьуна гІарцул сайгъатал ва ХІурматалъул грамотаби. Гьединго предпринимателал Гулишат НурмухІамадовалъ ва Зулфия Абубакаровалъ рикьана сайгъатал.

5-8 классазда гьоркьор Агъвалиса С. ГІалимухІамадова, ТІисси-Ахикьа Ф. ГІабдуразакъова, ТІиндиса Ф.МуртазагІалиева, Гъоркьинхокъвариса А. ХІажиясулаева ва Метрадаса Ш. ГІалихІажиев ва 9-11 классазда гьоркьор Гъоркьинхокъвариса М.МуртазагІалиева, Агъвалиса Х.МуртазагІалиева, Гьигьалъ З.МухІамадхІажиева, ТІисси-Ахикьа ГІ. ГІабдуразакъов, Метрадаса Ф.МухІамадова рахъана чемпионаллъун ва призераллъун.

Баркула къецазул киналго гІахьалчагІазда, гІуцІарухъабазда ва мугІалимзабазда щварал бергьенлъаби ва гьединаб, кІвар цІикІкІараб, тадбиралда гІахьаллъизе щвараб рес. Биччанте гьал бергьенлъаби хадурккунисел бергьенлъабазул байбихьилъун рукІине, нилъер лъимал иман бугел ва гІаданлъигун адаб-хІурмат чорхолъ бессараллъун лъугьине.

**Берцинай КъурамухІамадова**

ТІолгодунялалъул сахлъи цІуниялъул къо

### Инсанасул сахлъи, тІоцебесеб иргаялда, жиндаго бараб букІуна



2 гьум. >>>

### Хирургас махщел цо нухалъ бищула



2 гьум. >>>

ШигІриял асарал

### Ункъмухъилал жугьаби



3 гьум. >>>

**ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къо**

## Инсанасул сахлъи тIоцебесеб иргаялда жиндаго бараб букIуна



ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къо ккола инсанасул рахIатхвей, сахлъи бугеб черх, щулияб рухIалъул ургъел гьабулев, сахаб миллат цебетIеялъе битIахъего асар гьабулеб тIабигIат цIунизе ва экологиялъул ахIвал-хIал лъикIлъизабизе хIаракат бахъулевщинав чиясул къо. Щибаб соналъ ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къо хурхинабула инсаниятална цере чIарал бищунго кIвар бугел суалазда, щибаб соналъул букIуна жиндирго хасаб тема. 2026 соналъул 7 апрелалда тIобитIизесеб ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къо кIодо гьабизе буго «Сахлъиялъе гIоло цадахъ, гIелмугун цадахъ» абураб ахIиялда, гIелмияб цебетIеялда божилъи гьабиялда тIадчIейги гьабун.

ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул идара (ВОЗ) гIуцIараб къо ккола 1948 соналъул 7 апрель. 1950 соналъ гьебго къоялъ чIезабуна ТIолгодунялалъул сахлъи цIуниялъул къоги. Гьелъ рес кьола щибаб соналъ тIолабго инсаниятальул гIумруялъе битIахъего асар гьабулел суалал тIуразе.

Инсанасул сахлъи бараб букIуна тIоцебесеб иргаялда жиндаго. Зама-заманалда профилактикияб кумек гьаби, сахлъи цIуниялъул къагIида, жиндаго ва цогидазда хурхун жавабчилъиялъулаб бербалагьи, сахлъиялъе ва тIабигIаталъе хIинкъи гьечIел къайи-цIа ва хъулухъал тIаса рищи-гьел киналго руго унтаби ккеялдаса цIуниялъе хIажатал шартIал.

Сахлъи ккола инсанасул гIумруялъулъ бищунго кIвар бугеб, багьа къиматаб, дунялалда жив вукIиналдас бугеб рохалил асаралъул цIураб жавгьар. ГIакълуялъул, яхI-намусалъул, рухIияб, чорхол потенциал гIумруялде бахъинабизе рес букIуна гIицIго сахлъи бугеб жамгIияталда. Пачалихъалъул масъала ккола сахал лъимал гIезари. Жакъа нилъер улкаялда халкъалъул сахлъи цIуниялде ва гьеб лъикIлъизабиялде кьолеб буго хасаб кIвар, гьел суалал гьорлъе рачун руго «Демография» ва «Сахлъи цIуни» абурал миллиял проектаз.

ГIураб къадаралда чорхол хIаракатчилъи гьечIолъи ккола гIемерал унтаби ккеялъе гIиллабазул цояблъун, масала, рак, чакрил ва ракIалъул унтаби. Гьеб ккола дунялалдаго хвелалъул ункъабилеб аслияб гIиллалъун.

Гьединго кIвар бугеб жо ккола кванил нигIматал. Гьединлъидал, хьвадизе ккола медицинаялъул малъа-хъваязда рекъон, зама-заманалда тIоритIизе ккола медицинаялъул халгьарияль, квешал хасияталъ рехун тезе ккола, битIун кваназе ккола, лъикIаб рекIел хIалалда рукIа, гIемераб бацIцIадаб гьава босе. Гьеб киналъго кумек гьабила нужее халатаб ва талихIаб гIумру гьабизе.

Сахлъи ккола лъикIаб ва талихIаб гIумруялъул кьучI. Чорхол сахлъи лъикIаб даражаялда цIунизе ккани, пайда босизе ккола медицинаялъул малъа-хъваяздаса. ГIаммаб сахлъи цIуниялъулъ кIвар бугеб жо ккола гьоркьоса къотIичIого физзарядка гьаби. Гьелда гьорлъ букIине бегьула хьвади, векери, чвердей, велосипедалда хьвади яги спортзалалде хьвади. Гьединго гьабизе ккола физическияб хIалтIиги. ГIадада гурелъул абулеб багъа-бачари гIумру кколилан абун.

БукIине ккола кванил гIадлу, рекъон кколеб квен кванай, гьезда гьоркьоб пихь, овощал, бацIцIадаб мугьалъул чед, белокал ва сахлъиялъе пайдаял наказул нигIматал. Чакар, цIам ва гIи-боцIул беэнлъи, цIикIкIараб къадар беэнлъи бугеб нах дагь гьабизе ккола.

Хал кквезе ккола чорхол цIайиялъул. Рехун тезе ккола заралиял пишабиги: чагъир гьекъей, хьалиян бух1и гIадал. Гьез кIудияб зарал гьабула инсанасул сахлъиялъе.

Кьижи ва хIухьбахъи букIине ккола чорхое рахIат щоледухъ. Сахлъиялъе къваригIуна лъикIаб макьу. ЧIахIиязе лъикIаблъун бихьизабун буго сордо-къоялда жаниб 7-9 сагIаталъ кьижизе.

Сахлъиялъе лъикIаб асар гьабула психологияб рахъалъ гIодове виччан чIеялъ, сабру гьабиялъ. Психикияб сахлъи цIуниялъе квербакъула лъикIаб пикру гьабиялъ, стрессалдаса рорчIизе бажариялъ ва гIадамазда гьоркьор лъикIал гьоркьорлъаби цIуниялъ.

Лъазе ккола нилъерго сахлъи цIунизе. Кидаго гьаризе ккола нилъеегоги лъималазеги медицинаялъул халгьарияль. Гьез кумек гьабула рахунел унтабазул тIиритIи нахъчIвазе ва жиндир заманалда дару гьабизе.

Дурусго цIунизе ккола гигиена. Кверал чуриялъ, цаби чуриялъ, рокъоб ва хIалтIулъ рацIцIалъи цIуниялъ кумек гьабула рахунел унтаби тIиритIичIого рукIиналъе.

Сахлъиялда рукIа! Бокьа нужерго гIумру ва къимат гьабе гьелъул!

**Хейрул-Анам Дибирасулаев,** райбольницаялъул бетIерав тохтур

## Хирургас махщел цо нухалъ бищула

КъваригIелалъ щун йикIана дагьай цее Болъихъ районалъул Кьохъ росулъе. МаркIачIуда, кIал биччан хадуб, гьоболалъ дун ячана жидерго мажгитги бихьун букIилин, жамагIатгун таравихI какги балин абун, мажгиталде. Гьений ятарай цо лъабго чIужугIадан йигоан нилъер райбольницаялъул хирург ХIабибов МухIамадил бицуней. Гьезухъ гIенеккарай дир рекIелъ бижараб чIухIиялъулгун рохалил



асаралъул бицун хIал гIоларо.

-Нилъер гIадамал цо-цо хIажалъабаз балъхъадерил тохтурзабазухъе унин, кьахъал Агъвали рачIунел ругин,- букIана дир пикру.

М.ХIабибовасул ва медсестра Муил жидерго хIалтIудехун ва унтараздехун бугеб бербалагьиялъул бицунел свакалел рукIинчIо гьел. Спортсменазулгун чемпионазул бицунелъул гIадинго, чIухIун йикIана дун нилъер медиказул бицунеб мехалъги.

-Додинал гьечIони, пайда щибха тохтурзабазул?-ан букIана гьез абулеб.

-Нижер киналго ругин гьединалги, гьесдасанги цIакъалги, квешав тохтурго цохIо гьечIин, баркала бугин нужее нижер тохтурзабазул рахъалъ абураб лъикIаб рагIиялъухъ,-ян дица абидал, гьел дихъ балагьун хутIана.

ТаравихIги бан, рокъоре рачIунаго, цоги кьохъиялъ гьикъана ругищ хирургал ХIабибов ва Арсен больницаялда хIалтIулел абун. Ругин дицаги абуна, къваригIун ратани гьабсагIат я телалъ ахIилин гьезухъе яги номерал кьелин абун. Номер кьун теянги абун, гьелъ бицана жий гьезухъе щун йикIиналъул гIундул чуризе ва жеги ине бокьун бугилан гIагарай чIужуги ячун…

-10 соналъ цебе диего кьураб рагIи кквезе жакъа мухIканалда рес щванин,-ккана дида ракIалде, дунго гIундул чуризе Арсенихъегун МухIамадихъе араб заманги ракIалде щун. -Редакциялда кагъатго хутIанищ, Хадижат?-ян елъана доб мехалъ Муи, кагътил цIун бугила гIинилан дидаги абун. Цо нухалъ гуро бихьараб гьезул ракIбацIцIадаб хIалтIиги, чанги ккана унтараб мехалъ кIиявго хирургасухъегун Муихъеги. Чанги рачIана редакциялдеги гьезие баркала загьир гьабеян кагъталги.

-Цо нухалъ тIаса бищула хирургас махщел ва гьеб букIуна гIумруялъего,-ян йиго Муи, гьанжеги гьабго кабинеталда щиб гьабулей, хIалтIул хIалбихьиги гIураб бугелъул, хъулухъалъул болъабаздаса тIадехун бахъулареб кинаб галиян дица гьикъидал. -Гьаб кабинетги, ккаралъуре цоцае хIалае жал тIоцере рахъунел, дунгун ругел пишацоялги тун кинал болъаби, гьадингоги кIиабилеб тIалаялда ругин ниж.

Щибха тIокIабги тIаде жубалеб гьелде? Бихьулеб бугелъул Муи кьураб рагIуеги, тIаса бищараб махщалиеги хилиплъуларей гIадан йикIин. Лъебералда лъабабилеб сон буго гьелъул исана райбольницаялде хIалтIизе ячIаралдаса. Чанги рукIана макьу тарал сардалги, рахIат хварал къоялги. Къаси хирургиялъул отделениялда дежурстваби гьарун, къад поликлиникаялда хIалтIун, хIалбихьиги щвана, махщелги цIубана гIолохъанай специалисталъул. КIудияб баркалагун рехсола гьелъ ПатIимат Палаганова, Зугьра АхIмадова, Написат Халидова, АхIмад ИсмагIилов, АхIмад МухIамадов, МухIамад ХIабибов, МухIамад Мусалов, ГIумарасхIаб МухIамадов ва хирургиялда цадахъ хIалтIулел рукIарал цогидалги чIахIияб гIелалъул пишацоял, жиндирго насихIатчагIазул цIарал. ТIолго райбольницаялъул бицине хIадур йиго Муи кIиго рагIи жиндирго хIакъалъулъ бициналдаса. МахIачхъалаялъул медучилищеги лъугIизабун гIагараб районалде тIадюссанин 1994 соналъ ва гьелдаса нахъе хиси гьечIого хIалтIулей йигин райбольницаялда, гIадамаз кьезе телин жиндие ва жиндир хIалтIуе къиматилан чIана гьей.

-ГIемер рикIкIаде ун щиб гьабилеб, Хадижат, гьале араб анкьалъ тохтурзабазухъе приемалъе ячIарай нижерго гьигьалъай квеш лъугьана, йигеб бакIалдаго кIутIулеб ракI чIана гьелъул. Хвалил квачIикьан гьей яхъизе Аллагьасул кумекалдалъун кIвана МухIамад ХIабибовасда. ГIодо виччарав, босулеб щибаб гали ургъун тIамулев МухIамадица хьата-масаялда хехаб медицинаялъулаб кумекги гьабун, гьей, дагьалъги яхI-сабруги гьабун, тохтурзабазул бербалагьиялда гъоркь дунялалдаго йикIаян, больницаялда егизаюна. ЦохIо гIундул чурунищ хIалтIи тIубалеб?-ян гьимана гьей. Гьеб мехалъ ракIалде щвана дида цо хирургас «Тохтурзабазда бан течIого, нилъерго сахлъи тIалаб гьабизе тохтурасухъе ине кватIуге. Унти цIикIкIиналъе ва тIибитIиялъе ресалги кьун, паракъат рукIинчIого, тохтурзабазеги хIалтIи бигьалъиялъе кумекги гьабун, гIужда сапар бухьизе ккола тIабибасухъе»,-ян абурал рагIаби.

ГIодоркъоялгун байрамал гьечIого, отпуск рагIалде щвелалдего, хIалтIуде ахIун, къалъизегIан-поликлиникаялда, къалъудаса-больницаялда - гьедин уна тохтурзабазул гIумру. ТалихI бугин рукIуна гьел рокъосезда жидер хIалтIул низамгьечIолъи бичIчIулеб букIин.

-ХIалтIи лъугIун хадуб нижер хIалтIулъ аслияб жо буго тыл. ХIисабалде босаралъул бащалъицин рокъоб гьабизе больницаялъул хIалтIи сабаблъун данде ккола реб мехалда, хъизан-лъималазда ричIчIиялда бащалъулеб щибго букIунаро. Гьездаги ричIчIичIони, гьезги рахъ кквечIони, хIалтIиги цебехун унаро. ХIалбихьиги гьечIеб, тIокIал чIечIого малъа-хъваял гьарун пишацоязде аскIоре инеги нечараб захIматалъулаб нухлул байбихьуда бигьа букIинчIо нижееги. ГIемер рукIана, хвалил квачIикьан унтарал рахъулаго, рорчIарал сардалги. Жакъаги дагьал гьечIо батIи-батIиял операциял гьарун, больницаялда регарал унтарал. Гьаб бигьаяб, доб захIматабилан букIунаро хирургасул хIалтIи. Нус буго нус. Квер-хIетIе гуреб, черхалъул жанисел лугбал цIунизеги хIаракат бахъизе кколелъулха нижеца кIовухъе. ХIисабалде росараздаса цIикIкIун хехаб къагIидаялъ кумек, операция гьабизе кколелги дагьал рукIунаро хIужаби. БукIунелъулха заман цо операциялдаса цогидалде кIанцIизе ккарабги. Щибха гьединаб мехалъ нижер ракIазулъ букIунеб? ХIинкъи-къай, рихха-хочи. Гуро. Хирургияб отделениялъул хIалтIухъабазул рихха-хичизе ихтияр гьечIо, гьезул аслияб масъала буго унтарасул гIумру хвасар гьаби. Цо (чи) къаркъала гIадин хIалтIизе кколеб цо къокъа! Операция гьабулаго, дур пикру букIине ккола хIалтIуде буссун. ГъалатI биччазе дур ихтияр гьечIо! ГIемер ургъизеги заман букIунаро. Цоцадаса рикIкIадаб кIиго рагIаллъи-кIвар кьей ва хехлъи. Бищунго аслиябги-операциялда дуда цадахъ жидерго иш лъалел ассистенталгун медсестраби рукIин. Поликлиникаялда-Муи, гьей йиго дир кваранаб квер, отделениялда тIолго коллективалда дир ракIчIараб буго дидагоялдасанги цIикIкIун. Хирургазулаб вацлъи нижер лъилалдасанги цIакъаб буго. Вацасдаги яцалдаги гIадин лъикI мун цоги лъидаха вичIчIилев?! Аслияб жо-хъулухъ ккедал, гьез дур рахъкквей, кумек гьаби, ракI батулеб рагIи аби, хIажалъи ккани, хIатта дуда цадахъ рахъунчIун, операциялъе кумек гьаби. Гьезда цадахъ бокьараб операция гьабизе дун хIадурав вуго…

Камуларо, щибаб анкьалъ абуниги, хехаб медицинаялъулаб кумекалъул вертолеталда МахIачхъалаялде унтарал ритIиялъулги хIужаби. Сонидаса сониде, тIалабалго гIадин, шартIалги цIикIкIунел руго нижер хIалтIуе. Баркала бетIерав тохтурасегун поликлиникаялъул нухмалъулесе хIалтIухъабаздехун ва унтараздехун бугеб бербалагьиялъухъ. Гьезул хIаракат ккола цIицIияб оборудование райбольницаялда баккиги,я- вуго М.ХIабибов.

... Сабурал, гIодоре риччарал, жидерго иш лъикI лъалел-гьединаздехун божилъиги циндаго бижула ва, дур цевегосев гьудуласда гIадин, божула. СихIкъотIиялъул халалъудаса дида иргадулаб нухалъги бичIчIана нилъер гIадамазул гIодориччайги, сабурги цогидазе мисалияб букIин. Жидерго хIалтIиги гьезие гьунар ккоаро, гьеб буго, гьезго абухъе, Аллагьас гьезие кьураб махщел, сахлъун рокъоре арал унтаразул къадар цIикIкIанагIан жидерги рохелги, чIухIиги цIикIкIунеб. Унтарасул сахлъиялъул жавабчилъи тIад босизе кIолел, жидерго махщалидаги ракIчIарал, Гиппократие гуребги, тIоцебе Аллагьасда цебе жидеего гьа гьедарал дир районцоял. БичIчIана МухIамадица ва Муица тIокIаб тIаде рагIи жубазе гьечIеблъи. Гьел хIадур ругоан пишацоязул бицине свак гьечIого. Гьединал насихIатчагIиги гьудулгьалмагъзабиги ругеб мехалъ щиб къварилъи букIинеб гIолохъанал специалистазе жидерго махщел камил гьабизеги, цохIо кьахъадерица гуребги, тIолго дагъистаниязги жидер цIарал баркала загьир гьабулаго рехсолел махщалилаллъун рахъинеги. ГIумруялъего букIине хирургас махщел цо нухалъ бищулелъулха, гьелъул ругел киналго рахъалги хIисабалде росун. Рохизе ккараб хIужа, дида жеги бихьичIо нилъер тохтурзабаз махщел хисулеб. Гьеб буго гьезул гIумру, къисмат, махщел.

**Хадижат Залимханова**

## ШигIриял асарал



Низамудин Гъазиев,
ЦIолода росу

# Ункъмухъилал жугьаби

Мекъалде квер бегьун, воре, хьвадуге,
ХIинкъа мун тIекъалда тIад рекъон чIезе.
Гьереси бицунге, гьудул гуккуге,
Гьадингояб жойин жакъасеб гIумру.

* * *

Заман хисунилан, хисуге, гьудул,
Дуца гьабун тараб батулин дуе.
Дунял гьабиялъул пайдаго кинаб,
Къабул гьавичIони бачIунеб гIелалъ?

* * *

ХIежалде анщинав, хIажи кколаро,
ХIажиясул гIамал чорхолъ гьечIони.
Кири щолеб хIалтIи кибго гьабуни,
ХIежалъул даража рокъобго щолеб.

* * *

Ихдал хур бекьичIони,
Хаслихъе бачIин щолищ?
Хурив квал-квадичIони,
Кваникъ мун хутIиларищ?

* * *

Черхалда хIал бугилан
ХIалбихьиял гьаруге.
ЦIодорго хIалтIичIони,
ХIал щолеблъи якъинаб.

* * *

Хъвадаризе бегьула, пагьму дулъ загьирлъани,
Дур къалмил бегIерлъиги къиматаблъун рикIкIани,
Дуца хъварал асарал пайдаяллъун рихьани,
ШагIир вугилан абун, мун къабул гьавунани.

* * *

Вакъун хварав чиясул къоно дида бихьичIо,
Къанида хъванщиналъул магIнаги цого буго.
Бегьулареб кинабдай зонода бикIкIун хъвазе,
БахIарчилъи, цIар гьабун, хварасул батIа бахъи.

* * *

Бекерун унеб чу ккун бажарула,
Кквезе кIолареб жо цо гIумру буго.
ТIалаб гьабунани, боцIиги щола,
БоцIухъ щолареб жо цо талихI буго.

* * *

МагIишатги хиралъун, гIаданлъиги хун буго,
Адаб-хIурматги дагьлъун, жахIдаги цIикIкIун буго.
ГIадатияв инсанги лъиего хIажат гьечIо,
Чара хвараб дир рекIей парахалъиги гьечIо.

* * *

ЦIуне дуца гIаданлъи, гIадан мун ватанани,
ЦIуне дуца яхI-намус, магIарулав ватани.
КIочонге дуда хварал-хвезе мунги вугелъул.
Рокьа дуе гIадамал, сахав чи мун ватани.

# БукIина цIияб кьо

Нухалги кьоялги гIумрудул бидурихьалин абула. Гьедин букIиналъе далилалги нилъер гIемер рукIуна. Мисалалъе босилин



ГIандигIоралда тIасан лъураб хуштадерил кьо. Чан росдал жамагIат бугеб гьенисан хьвадулеб райцентралдеги ва район бахун къватIибехунги. Яги тIиндадерил кьо. Гьединлъидалин нилъер гIадамазги кIвар кьолеб нухалгун кьоял къачIаялде, автотранспорт ва гIадамал хьвадиялъе хIинкъи гьечIеб хIалалда гьел чIезаризе. Гьедин букIин бихьулебги буго нилъеда кьойил Агъвали-КIочIали шагьранухдасан хьвадулаго. КватIичIого байбихьила гьенибги хьил тIезе. Гьелъул хадуб бицина, жакъа бицен гьабизе бокьун буго гьал суратазда нужеда бихьулеб инхокъварисезул кьоялъул хIакъалъулъ.

Киназдаго лъала инхокъварисезул даруяб лъел ицц ва гьенире лъималда хадур хьвадулезул къадар къойидаса къойиде цIикIкIин. БакIаб техника хьвадизе ярагьунареб лъугьун букIана кьо, гIисинаб хьвадизегицин бакI-бакIазда хIинкъиги букIана гьелъул. Инхокъвари, Санкьада, КIванкьада, Хъварщи ва Хонохъ росабалъ социалиял объектал ралаго яги къватIал-нухал къачIалаго, гIатIид гьарулаго, гьенисан хьвадизе ккола техника. Цебе-цебеги гьеб гIемер хьвадиялъ, жагьаллъи ккун букIана кьоялъе.

Гьебги хIисабалде босун, Инхокъвари ва Хъварщи росабазул администрациязул бутIрузул гьариги къабул гьабун, гьелъул бугеб кIварги бичIчIун, районалъул



бетIер Шамил ГIумаровасги хIисабалде босана гьеб суал ва дандбана республикаялъул тIалъигун. Гьенисанги щвана изну-разилъи гьеб цIигьабун базе. Киналго рахъалги хIисабалде росун, хIалтIи тIаде босана подрядчик МухIамадзагьид Давудовас ва гьесул нухмалъиялда гъоркь балеб гьелъул хIалтIаби тIадран унел руго гьал къояз. 8,7 метра гIеблъи ва 42,8 метра халалъи бугеб кьо букIина нилъее.

-КватIичIого гьеб рагьиялъул рохалилаб тадбиралдаги гIахьаллъилин,-руго ХъварщикIкIалалъул гIадамал жидерго рохел загьир гьабулел. Даруяб лъималда хадур унезулги буго гьебго гьари- гьеб иш битIахъего тIаде кколезе райгазета гьоркьоб ккун баркала загьир гьабеян лъикIал нухазухъгун кьоялъухъ.

**Хадижат Залимханова**

## Конкурс

# На должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Тлондода» от 31.03.2026 г. №2 на 5 мая 2026 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность Главы сельского поселения «село Тлондода».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться в течении 20 календарных дней со дня опубликования настоящего объявления в газете «Голос Цумады» в администрации сельского поселения «село Тлондода»( до 24 апреля 2026 года) в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Второй этап конкурса по отбору кандидатур на должность главы администрации сельскогопоселения «село Тлондода» состоится 5 мая 2026 года в здании администрации МР «Цумадинский район» с. Агвали.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1. Личное заявление на участие в конкурсе;
2. Собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4x5 - 3 шт;
3. Паспорт или заменяющий его документ;
4. Документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):
- документ о профессиональном образовании;
- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;
5. Сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.
6. согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:
- оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;
- описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;
- комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета.

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Тлондода» от 06.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Глава сельского поселения «село Тлондода» М.Гамзатов**

# Постановление № 57

**от 20 марта 2026 г.**

**Об утверждении административного регламента работы согласительной комиссии по согласованию местоположения границ земельных участков при выполнении комплексных кадастровых работ на территории МР «Цумадинский район»**

В соответствии с пунктом 5 статьи 42.10 Федерального закона от 24 июля 2007 года № 221-ФЗ «О кадастровой деятельности», приказом Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан №150 от 17.06.2020 года «Об утверждении типового регламента работы согласительной комиссии по согласованию местоположения границ земельных участков при выполнении комплексных кадастровых работ на территории Республики Дагестан» и постановлением администрации МР «Цумадинский район» от 07.10.2022 г №140 «Об утверждении Порядка разработки и утверждении административных регламентов предоставления муниципальных услуг», администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Утвердить административный регламент работы согласительной комиссии по согласованию местоположения границ земельных участков при выполнении комплексных кадастровых работ на территории МР «Цумадинский район» согласно приложению №1.
2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет.
3. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Цумадинский район» Магомедова Х. Г.

**Глава муниципального района «Цумадинский район» Ш. Омаров**

# Меры безопасности в весенне-летний и пожароопасный период

Наступление весенне-летнего пожароопасного периода всегда отмечается резким ростом пожаров, связанных с выжиганием сухой растительности.

С наступлением весны люди спешат привести в порядок свои владения и прилегающую территорию, при этом, забыв о требованиях пожарной безопасности, сжигают бытовой мусор и сухую растительность.

При разведении костра, в т.ч. и для сжигания мусора, сухой травянистой растительности, листвы и иных отходов, необходимо соблюдать следующие меры безопасности:

-разводить костры можно только в безветренную погоду и на специальных площадках, на расстоянии не менее 50 метров от зданий и сооружений;

-не оставляйте костёр без постоянного наблюдения;

-не разрешайте детям самостоятельно разводить костры, устраивать игры с огнём;

-у места разведения костра необходимо иметь запас воды для его заливки в случае возникновения сильного ветра;

-после окончания работ костер должен быть тщательно засыпан землей или залит водой до полного прекращения тления;

Чтобы не допустить возникновения пожара необходимо знать и соблюдать элементарные правила пожарной безопасности в период пожароопасного сезона:

-своевременно очищайте приусадебный участок и прилегающую к нему территорию от горючих отходов, мусора, опавших листьев и сухой травянистой растительности;

-не выжигайте сухую травянистую растительность на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, а также прилегающих к зданиям, сооружениям, жилым домам, хозяйственным постройкам;

-не выжигайте стерню, пожнивные остатки, сухую травянистую растительность, на землях сельскохозяйственного назначения и землях запаса;

-не загромождайте дороги, проезды и подъезды к домам, зданиям, и водоисточникам, используемым для целей пожаротушения, ветками деревьев и мусором, они должны быть всегда свободными для проезда пожарной техники;

-размещайте скирды (стога), навесы и штабеля грубых кормов на расстоянии не менее 15 метров до линий электропередачи и не менее 20 метров - до дорог и не менее 50 метров - до зданий, сооружений и строений;

-соблюдайте меры предосторожности при эксплуатации электрических сетей, электробытовых, газовых приборов, обогревательных приборов, печей в жилых домах и банях;

-не допускайте шалости детей с огнем.

Напоминаем об ответственности за нарушение требований пожарной безопасности, так согласно части 1 статьи 20.4 КоАП РФ нарушение требований пожарной безопасности влечет предупреждение или наложение административного штрафа:

-на граждан в размере до 15 000 рублей;

-на должностных лиц – 30 000 рублей;

-на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - 60 000 рублей;

-на юридических лиц – до 400 000 рублей.

А те же действия, совершенные в условиях особого противопожарного режима, согласно части 2 статьи 20.4 КоАП РФ влекут наложение административного штрафа:

-на граждан в размере до 20 000 рублей;

-на должностных лиц - до 60 000 рублей;

-на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - до 80 000 рублей;

-на юридических лиц - до 800 000 рублей.

**ОНД и ПР 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**

## Федеральная налоговая служба

# Напоминание о необходимости погашения задолженности по имущественным налогам

Уважаемые налогоплательщики!

Администрация муниципального района «Цумадинский район» информирует граждан о необходимости погашения задолженности по имущественным налогам: транспортному, земельному и налогу на имущество физических лиц.

Напоминаем о необходимости погашения задолженности по имущественным налогам!

О наличии задолженности можно узнать:




-с помощью электронного сервиса «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» (https://lkfl2.nalog.ru/lkfl/login);

-с помощью Единого портала государственных и муниципальных услуг (https://www.gosuslugi.ru/);

-обратиться в многофункциональный центр (МФЦ) или налоговую инспекцию лично.

Призываем Вас быть добросовестными и ответственными налогоплательщиками и своевременно исполнять обязанность по уплате налогов, установленных законодательством.

Оплатить задолженность можно с помощью линейки электронных сервисов ФНС России: «Оплата налогов и пошлин», «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», через Единый портал Госуслуг или традиционными способами - в офисах банков, почтовых отделениях.

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Сильди» за 2025 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2025 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 20,8 | 20,8 | 20,8 | 100,0 |
| 2 | Земельный налог | 9,0 | 9,0 | 54,6 | 606,7 |
| 3 | Налог на имущества | 3,0 | 3,0 | 0,5 | 16,7 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 10,0 | 10,0 | 10,0 | 100,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 1,3 | 130,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **43,8** | **43,8** | **87,2** | **199,1** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1100,0 | 1140,0 | 1140,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 206,7 | 208,1 | 208,1 | 100,0 |
| | **Итого** | **1306,7** | **1348,1** | **1348,1** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1350,5** | **1391,9** | **1435,3** | **103,1** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1020,7** | **1035,8** | **1035,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 673,8 | 643,6 | 643,6 | 100,0 |
| 2 | **ВУС** | **206,7** | **208,1** | **208,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 137,1 | 137,1 | 100,0 |
| 3 | **ЖКХ** | **53,1** | **15,0** | **15,0** | 100,0 |
| 4 | **Молодёжная политика** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | 0,0 |
| 5 | **Культура** | **0,0** | **0,0** | **0,0** | 0,0 |
| 6 | в т.ч. зарплата | 0,0 | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 7 | **ФК и спорт** | **20,0** | **20,0** | **20,0** | 100,0 |
| 8 | **Выборы** | **50,0** | **90,0** | **90,0** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **1350,5** | **1368,9** | **1368,9** | **100,0** |
| | в т.ч. зарплата | 809,8 | 780,7 | 780,7 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Сильди» А. Абдурахманов**

## Газпром

# С 1 марта 2026 года установлен новый срок оплаты газа

С марта 2026 года сдвигается срок оплаты коммунальных услуг: платить за газ теперь можно будет до 15-го числа следующего месяца. Ранее платеж требовалось вносить до 10-го числа включительно.

Нововведения регулирует Федеральный закон от 24.06.2025 № 177-ФЗ «О внесении изменений в статьи 155 и 171 Жилищного кодекса Российской Федерации и статьи 6 и 7 Федерального закона «О государственной информационной системе жилищно-коммунального хозяйства».

Как сообщает поставщик газа в Дагестане «Газпром межрегионгаз Махачкала», новые правила распространяются на всех собственников и нанимателей жилья - как в многоквартирных домах, так и в индивидуальных домовладениях.

Принятые нормы призваны обеспечить единообразие сроков и упрощение расчетов, что должно снизить количество просрочек и путаницы при оплате. Перенос даты платежа также направлен на учет интереса абонентов, получающих зарплату во второй декаде месяца. Следовательно, оплатить за потребленный за прошедшую зиму газ дагестанцы могут до 15 марта включительно любым удобным способом.

Оплачивать счета за газ не тратя время на очереди и проезд к кассам лучше через сервис «Личный кабинет абонента», который доступен на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» и, через мобильные приложения – «Мой газ» в Google Play и «Газ Онлайн» в App Store.

## Объявление

30.03.2026 года в администрации МР «Цумадинский район» объявлен аукцион на приобретение жилого помещения на территории Республики Дагестан на сумму два миллиона триста девяносто одну тысячу рублей для передачи лицу из числа детей сирот, детей оставшихся без попечения родителей.

Телефон для справок: +79604196175

* * *

Объявление аукциона на приобретение жилья для детей-сирот Администрация муниципального района Цумадинский район объявляет аукцион на приобретение жилого помещения. Цель аукциона - обеспечение жильем лиц из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей.

Основные условия аукциона:

*Дата объявления: 30 марта 2026 года.

*Сумма аукциона: 2 391 000 (два миллиона триста девяносто одна тысяча) рублей.

*Место приобретения: Республика Дагестан.

*Телефон для справок: +7 (960) 419-61-75.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44
Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна
Редакцияльул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)
Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 994
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)
Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.